

Zama se yon pakèt moun

 Michael Oguttu

 Vusi Malindi

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

 2

 krèyol ayisyen 



Ti frè'm leve ta. Mwen leve bonè paske'm se
yon pakèt moun!



Se mwen ki kite solèy lan rantre nan kay la.




Manman'm konn di'm "Ou se zetwal maten'm nan".



Mwen fè twalèt mwen pou kònt mwen. Mwen pa bezwen moun pou ede'm.



Mwen fè twalèt mwen ak dlo frèt enpi savon ble santifò.



Manman'm fè'm sonje, "Pa blye dan ou."
Mwen reponn li "Jamè, mwen pap janm blye!".



Apre sa a, mwen abiye pou kont mwen. Mwen
di manman'm « Mwen gramoun koulyè a »



Lè'm fin fè twalèt mwen, mal salye
granpapa'm ak matant mwen pou'm di yo
bonjou.



Mwen kapab boutonnen rad mwen ak mare soulye'm pou kont mwen.



Enpi, mal rakonte ti frè mwen tout istwa sou lekòl lan.



Nan klas la, mwen fè tout sam kapab pou
mwen sòti pwemye.



Mwen fè tout bagay sa yo chak jou men sam
pito fè nan tout se jwe... jwe... jwe!



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Zama se yon pakèt moun

✍ Michael Ogunju

✉ Vusi Malindi

☞ ACE Haiti-University of Notre Dame USA

